



# **NOUVO!**

## **ETIKÈT APARÈY PÒTAB POU ETENN DIFE (PORTABLE FIRE EXTINGUISHER, PFE) OU YO AP CHANJE!**

**DO NOT REMOVE  
BY ORDER OF THE FDNY**

• ABC (Dry Chem)	• HALOTRON	•
• AFFF/FFFP	• WATER	•
• BC (Dry Chem)	• LOADED STREAM	•
• PURPLE K (PK)	• WET CHEM	•
• CARBON DIOXIDE	• CLEAN AGENT	•
• CLASS D (Dry Powder)	• INTERGEN	•
• CLASS K	• WATER MIST	•
• FE-36	• FE-13	•
• FM 200		•
• HALON 1211		•
• HALON 1301		•

THIS PORTABLE FIRE EXTINGUISHER HAS BEEN SERVICED  
AS REQUIRED BY NYC FIRE CODE 906.2.1.2

**2018** | **2019**   
 **2020**

**Extinguisher  
Equipment Guru Inc.**

**PROOF OF COMPLIANCE FOR USE BY CERTIFIED  
PORTABLE FIRE EXTINGUISHER SERVICING COMPANY**

**VOID 1 YR. FROM MONTH PUNCHED**

SERVICED		NEV <input checked="" type="checkbox"/>	RECHARGED	
JAN	FEB	JUNE	SEPT	DEC
MAR	APR	JULY	OCT	
MAY		AUG	NOV <input checked="" type="checkbox"/>	

# ETIKÈT APARÈY PÒTAB POU ETENN DIFE YO

## POUKISA APARÈY PÒTAB POU ETENN DIFE (PFE) YO BEZWEN ETIKÈT?

Kòd Dife Vil New York la egzije pou fè enspeksyon ak antretyen aparèy pòtab pou etenn dife yo regilyèman. Etikèt PFE yo gen enfòmasyon enpòtan konsènan aparèy pou etenn dife a ak konpayi k ap fè antretyen nan aparèy la.

## POUKISA ETIKÈT PFE YO AP CHANJE?


Depatman Ankèt (Department of Investigations, DOI) Vil New York te dekouvri gen plizyè konpayi PFE k ap patisipe nan aktivite ilegal. Nouvo etikèt PFE yo pral verifye ou te anboche yon konpayi FDNY te apwouve.

## KI PWOBLEM KI TE GENYEN AK ANSYEN ETIKÈT PFE YO?

Ansyen etikèt PFE yo te gen diferan gwosè, fòm, koulè, ak materyèl. Sa vle di li te fasil pou moun te kreye fo etikèt. Anplis, yo te pi difisil pou FDNY ak piblik la konprann ak idantifye.

## KISA NOUVO ETIKÈT PFE YO SANBLE?

Nouvo etikèt PFE yo vin estanda ak plizyè nouvo mezi sekirite. Se sèlman konpayi FDNY te apwouve yo ki ka bay nouvo etikèt PFE sa yo bay biznis. Manm pèsonèl FDNY yo ak piblik la ka idantifye etikèt PFE yo byen fasil.



## KISA KI FÈ NOUVO ETIKÈT PFE YO PI BON?

### Nouvo etikèt PFE yo gen mezi sekirite sa yo:

- Kòd QR

Pèmèt piblik la ak FDNY jwenn aksè nan lis konpayi FDNY apwouve yo.

- Ologram

Bon kalite epi prèske enposib pou kopye.

- Kòd Ba

Chak etikèt PFE gen yon nimewo seri pa li.

## KILÈ NOU PRAL WÈ NOUVO ETIKÈT PFE YO?

### Kòmans 15 novanm 2018

- Yo pral mete etikèt PFE yo pou antretyen chak ane ak enstalasyon nouvo PFE.
- Ansyen viyèt etikèt PFE nou te konn mete pou antretyen oswa nouvo enstalasyon avan yo ap valid jiska dat ekspirasyon yo– men pa pi ta pase 14 novanm 2019.

### Kòmans 15 novanm 2019

- FDNY pral rekonèt sèlman nouvo etikèt PFE yo, epi li pral bay sitasyon pou vyolasyon bay biznis ki te enstale PFE yo san yon etikèt ki apwopriye.

## KIJAN M AP FÈ KONNEN SI ETIKÈT PFE A SE YON FO?

- Yon vrè pyès ologram se 3 pous nan lajè pa ¼ pous nan lajè.
- Fo etikèt yo **PA** pral gen ologram annajan bon kalite a.
- Ologram yon fo etikèt **PA** pral chanje koulè lè ou pase li anba limyè.

---

## SO SÈTIFIKA APTIDID (CERTIFICATE OF FITNESS, COF) LA

### KISA YON SO SÈTIFIKA APTIDID YO?

Anplwaye konpayi netwayaj PFE ak OT ASPIRANT ki te FÈ travay la yo menm bezwen itilize so COF yo apre yo fin fè travay la.

#### So a pral genyen:

- Non konplè mèt Sètifika Aptidid la;
- Nimewo Sètifika Aptidid la;
- Non konpayi a, ak nimewo idantifikasyon li kapab gen logo konpayi a.



---

## KONSÈY

### KIJAN POU MWEN CHWAZI YON KONPAYI ANTRETYEN PFE?

Ou kapab chwazi yon konpayi FDNY apwouve (sou lis ki genyen nan (<https://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/portable-fire-extinguishers-company-certificates.page>) oswa eskane kòd QR a (pran foto li oswa telechaje yon aplikasyon lektè QR gratis epi verifie si FDNY apwouve non konpayi a. Nou modiyè lis konpayi ki apwouve yo chak 30 jou.



**KIJAN POU M FÈ POU MWEN KA SÈTEN MWEN ANBOCHE SÈLMAN YON KONPAYI FDNY APWOUVE?**

Avan konpayi a kòmanse travay la, mande pou montre ou nouvo etikèt PFE ki konfòm nan. Se sèlman konpayi FDNY apwouve yo ki ka kòmande nouvo etikèt ak so COF yo. Eskane kòd QR a avan ou itilize konpayi antretyen an pou w ka sèten FDNY toujou apwouve li.

**KISA POU MWEN FÈ SI KONPAYI ANTRETYEN AN TOUJOU AP ITILIZE ANSYEN ETIKÈT PFE YO?**

Ou dwe di moun yo nan konpayi a yo OBLIJE itilize nouvo etikèt PFE yo. Si yo pa fè sa, anboche yon diferan konpayi ki sou lis apwouve FDNY LA.

**KI RISK MWEN GENYEN SI MWEN ANBOCHE YON KONPAYI KI PA OTORIZE?**

Premyèman, w ap mete biznis ou, posesyon ou yo, kliyan ou yo, moun k ap pote sekou yo, ak piblik la an danje. Dezyèmman, ou pral resevwa sitasyon pou vyolasyon. Answit, si gen yon dife, konpayi asirans ou ka refize reklamasyon ou fè a.

**KIJAN POU MWEN POTE PLENT POU YON KONPAYI ANTRETYEN K AP REGLE AKTIVITE ILEGAL OSWA GEN POSIBLITE POU LI NAN FÈ MAGOUY?**

Ou ta dwe rele FDNY TOUSWIT pou mete li okouran nenpòt pwoblèm nan 718-999-2533. Epitou ou ka voye yon imèl bay: FDNY nan [pubcert@fdny.nyc.gov](mailto:pubcert@fdny.nyc.gov)